

5 janvye 2022

Chè fanmi,

Se yon onè pou m travay avèk Majistra Eric Adams pandan mwen vin nouvo Chanselye lekòl ou—epi pou m akeyi pitit ou yo k ap retounen lekòl apre vakans ivè yo byen merite. Sante ak sekirite elèv, fanmi ak estaf nou yo se pi gwo priyorite nou. Mwen espere ou te resevwa lèt nou fèk voye ki dekri nouvo mezi sante ak sekirite nou pran pou asire pitit ou rete sennesof ak pou lekòl nou yo rete ouvri. Nou kontinye ankouraje fanmi yo pou yo fè tès, vaksinen ak dakò pou fè tès nan lekòl. Si w p at jwenn lèt la, ou ka li l nan schools.nyc.gov/messagesforfamilies.

Kòm yon paran ak yon edikatè pou lavi, mwen kwè chak jèn moun ranpli ak ekselans, pwomès ak don. Mwen kwè tout timoun merite yon baz akademik solid ki prepare yo pou gradye avèk yon seri ladrès ki pèmèt yo jwenn travay. Menm jan an tou yo merite zouti ak sipò yo bezwen pou yo ansante onivo fizik ak emosyonèl.

Epi kòm yon Nouyòkè fyè, ki fèt Brooklyn, mwen konnen diferans yon bon edikatè ak yon lekòl ka fè nan lavi yon timoun. Mwen p ap janm bliye pwofesè nan P.S. 161 nan Brooklyn ki te transfòme lavi m: Mrs. Mildred Scott. Li te anseye m sou istwa ak kilti moun nwa. Li te anseye m tou mwen te gen responsablite pou kominote m, yon valè paran m te ranfòse.

Mwen te pote leson sa yo avèk mwen nan Queens, kote mwen te gradye nan Hillcrest High School epi apres a mwen te ale nan kolèj. Men, mwen p at planifye pou m vin yon pwofesè. Anreyalite, mwen te yon ajan sekirite nan lekòl pou yon ane lè anvi anseye a te pike m. Ou konnen, mwen te kòmanse premye djòb ansèyman m nan P.S. 167 nan ansyen katye m nan Eastern Parkway. Apati la, mwen te vin yon direktè fondatè nan Bronx School for Law, Government and Justice, epi apre nan Eagle Academy for Young Men, kote mwen te pwouve yo ka ofri yon bon kalite edikasyon pou preparasyon kolèj pou jèn gason nwa nan yon anviwònman lekòl leta.

Nan plis pase 30 lane, depi m ap fè travay sa a, mwen aprann kèk bagay sou edikasyon. Mwen ta aprann repons pou kòman pou nou amelyore sistèm lan egziste nan kè ak lespri pwofesè, direktè, timoun ak fanmi nou yo. Mwen te aprann ou pa kreye bon kalite lekòl k ap fè inovasyon k ap sèvi tout elèv san yo pa angaje tout kominote a. Epi, nan premye semèn mwen kòm Chanselye w, m ap tann opinyon w ak kolaborasyon w pandan n ap travay ansanm pou asire pi gwo sistèm lekòl peyi a vin tounen tou *meyè* sistèm lekòl peyi a.

Pou reyalize objektif sa a, nou pral travay nan non tout timoun nou yo—timoun nan chak katye, ak espesyalman sa yo ki te toujou rete dèyè. Timoun k ap aprann pale anglè. Timoun ki gen andikap. Timoun ki abite nan lojman tanporè. Nou pral travay san rete pou tout timoun nou yo, paske yo tout kapab reyisi. Sa vle di bay chak elèv sipò, eksperyans aprantisaj ak resous pou gradye nan lekòl segondè, ale nan kolèj oswa aprann yon metye, jwenn yon bon djòb ak vin sitwayen ki byen enfòmè ak angaje.


Ou ka konte sou mwen pou nou toujou onèt. Nou p ap kache l: nou rankontre anpil defi, epi nou ka sèlman chanje yon sistèm ki gwo tankou pa nou an avèk yon apwoch men nan men. Sa a se verite patikilyèman pandan n ap rantr nan twazyèm ane yon pandemi ki egzije nou adapte avèk nouvo mwayen pou anseye ak aprann.

Sa se kote oumenm, fanmi nou vin konsène. Nou vle kontakte chak moun epi akeyi w kòm kolaboratè nan edikasyon pitit ou. Nou vle konnen opinyon w sou regleman ki afekte pitit ou a. Nan mwa k ap vini yo w ap kòmanse wè nouvo mwayen amelyore pou kominike avèk sistèm lekòl nou an. Nou vle ranfòse kapasite w pou

defann pitit ou, lekòl ou ak kominote w. Nou vle entegre paran nou ki pa angaje jeneralman nan sistèm lekòl la epi elve vwa yo ki enpòtan.

Mwen te kòmanse lèt sa a avèk angajman pou sekirite epi mwen vle asire w nou pral fè tout bagay nou kapab pou kenbe pitit ou yo sennesof ak pou lekòl nou yo rete ouvri, avèk pi piti entèripsyon posib. Nou pa dwe elèv Vil Nouyòk yo pi pitit pase sa. Mèsi pou souwè chalere ou fè mwen ak sipò w pandan n ap mete elèv nou yo pi wo.

Plane wo,



David C. Banks

Chanselye

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk